

Leson Nan Yon Agraf

Jan 6 : 1 – 13

Isaac L. Horst

I. Entwodiksyon

- A. Pran kèk fèy papyè.
- B. Mande lide sou plizyè fason ou kapab tache fèy yo ansanm.
- C. Eseye kèk fason.
 - 1. Tep
 - 2. Klips
 - 3. Fil
 - 4. Agraf
- D. Montre ki jan yon ti agraf fè sans.

II. Poukisa itilize agraf ?

- A. Yo solid pou gwosè yo.
- B. Yo fè travay yo byen, men souvan moun prèske pa wè yo.
- C. Yo kapab travay ansanm. (Anpil agraf nesèsè pou kenbe yon tablo enfòmasyon pou ekspozisyon)

III. Leson pratik pou nou (Jan 6 : 1 – 13)

- A. Jezi te itilize ti bagay pou fè gran bagay.
 - 1. Ti gason
 - 2. Ti manje midi
 - 3. Ti pen
 - 4. Ti pwason
- B. Ti pawòl bonte kapab chanje atitud yon moun.
 - 1. « Lè ou bay bon pawòl ki tonbe daplon se tankou yon moso lò byen travay yo plake sou yon moso ajan » (Pwovèb 25 : 11).
 - 2. « Ala bon sa bon lè ou jwenn yon pawòl ki tonbe daplon ! » (Pwovèb 15 : 23).

- C. Ti aksyon bonte kapab fè yon gran diferans.

- 1. Yon ti gason ak bonte te bay ti manje midi.
- 2. Anpil fwa, ti aksyon bonte ki sanble pa enpòtan siyifi anpil pou moun ki jwenn li.

IV. Konklizyon

- A. Fè ti byen pou lòt moun va ede zanmitay ou yo mache byen.
- B. Pa janm panse yon bon ti aksyon fèt san moun pa remake sa.
- C. Se pou ou rekonesan pou ti bagay ou resevwa.

Atik sa a soti nan *The Christian School Builder*, Oct. 2008

Rod and Staff Publishers, Inc
Itilize avèk pèmision

Estimilasyon Pa Mwayen Lwanj

Ivan E. Martin

Li se yon defi. Sa mwen di etidyan k'ap lite bò kote mwen an kapab ensite oubyen kalme lespri pèsistans li. Èske mwen dwe defòme verite a? rete silansye? flate? oubyen di li jan li ye? Pou etidyan entèlektiyèl la, èske lwanj apwopriye? Èske li bezwen yon lòt kout pous annegad lògey li, oubyen èske silans ta pi bon? Pou nenpòt etidyan, kisa mwen kapab di ki ta kapab pi byen estimile li pou fè sa Bondye ba li abilite pou fè? Sa se defi a pou tout pwofesè.

Lè Mark Twain te di: “Mwen kapab viv pou de mwa ak yon bon konpliman,” li te esplike yon dezi natirèl lòm. Kilès nan nou ki pa ta kontan yon ti tap konpliman sou do li? E kilès ki, lè l'ap bourike nan mitan yon travay san mèsi, pa ta savoure lwanj delisye? Men èske lwanj ta dwe sèvi ak kiyè endiskresyon? Règ jodi a nan edikasyon se “Lwanj! Lwanj souvan!” Men èske edikasyon kretyen pa pratike diferaman?

Yon jou Jan Batis te voye de nan disip li yo kote Jezi. Sanble ke nan mitan fènwa a nan selil prizon li, Jan te reflechi sou efò anvan li yo e te tante dekouraje. “Jezi,” li te kriye nan kè li, “èske travay mwen se pou gremesi?”

Kisa Jezi te reponn? “Ale bay Jan sa nou tandè ak sa nou wè” (Matye 11:4). E apre sa, èske Jezi te site triyonf ministè Jan yo? Non, Li te site pwòp pa Li. Pandan disip yo t'ap tounen nan selil prizon Jan an ak pawòl Jezi yo, sèlman lè sa a Jezi te fè lwanj Jan Batis. Pi gran lwanj Jezi te kapab bay pi gran nonm nan ki te fèt sòti nan vant yon fanm nan se te ke li te fè devwa li, e Jezi te satisfè. Jan pa t' fè anyen move nan chache lwanj, e Jezi te fè byen nan bay lwanj—pa plis, pa mwens lwanj pase sa Jan te bezwen.

Kijan Sila a ki pi gran nan syèl la te fè lwanj Sila a ki pi gran sou latè? Ezayi 53:11 di ke lè Bondye te wè “tout souffrans sa yo,” Li te “jwenn kè kontan ankò,” paske Jezi te fè devwa

Li. Lè Mèt la satisfè, ki lwanj ki ta kapab pi bon? Diran lavi Jezi sou latè, Bondye te pale sòti nan syèl la e fè lwanj Jezi. Lwanj sa a pa t'estravan; li pa t' oblije estravan si li te “fè Bondye plezi” e satisfè Li.

Lavi a pa fasil; li gen devwa li yo e egzijans li yo. E nou menm pwofesè dwe prepare etidyan nou yo pou fè fas ak lavi a e defi li yo. Èske lavi a va bay timoun nou yo ti tap konpliman sou do nan entèval regilye? Èske yo va jwenn lwanj pou chak bagay yo fè byen? Non, lavi a pa lavi matènèl e tann sa a. Men timoun nou yo pa dwe rete nan dezespwa nonplis san estimilasyon nan bon direksyon an. Ki prensip nou ta dwe swiv pou pi byen estimile etidyan nou yo ak lwanj?

Lwanj se pou etidyan an, pa pou pwofesè a. Yon fwa yon vandè te antre nan pwopriyete mwen e konplimante mwen pou bèl jaden e gazon byen antreteni an. Lè mwen pa t'achte pwodwi li, li te fè kèk kòmantè kontrè ak premye remak li yo e pati. Premye kòmantè li yo pa t' lwanj; yo te flatrè, e entansyon li se te pou fè yon vant ki ta nan avantaj li. Men lwanj pwofesè kretyen an pa egoyis; li pou byennèt etidyan an.

Lwanj pa itilize pou fè lavi pwofesè a pi fasil. Lwanj se pa flatrè pou fè etidyan an plezi. Okontrè, lwanj se yon sakrifis; yon fwa li bay, anyen pa espere anretou. Lwanj montre lamou e enterè pwofesè a pou etidyan an. Sakrifis lwanj va akonpaye lòt sakrifis pwofesè, tankou pran tan pou koute rapò yon etidyan sou kèk evènman oubyen tankou pase tan lib ap ede yon etidyan fèb. Lè etidyan an reyalize ke lwanj ap koule sòti nan fontèn sakrifis, li va estimile pou avanse nan direksyon pwofesè a montre.

Lwanj vize rezilta pwodiktif, li pa vize abilite. Nan parabòl talan yo nan Matye 25, mèt la, lè li te retounen sòti nan vwayaj li, te mande

sèvitè li yo pou bay rapò sou jan yo te litalize talan yo. Malgre chak sèvitè te gen kantite talan diferan, mèt la te rekonpanse yo selon rezilta pwodiktif talan yo. Lwanj li pou nonm ak senk talan an te menm ak nonm ki te gen de talan an, paske efò yo te egal.

Chak etidyan ki antre nan sal klas nou kreye ak diferan kantite e kalite talan. Talan etidyan an depase chwa e kontwòl li. Men efò, aplikasyon, dilijans e volonte pou aprann nan kontwòl etidyan an. Lwanj dwe ale nan direksyon sa etidyan an gen kontwòl sou li e janmen nan direksyon sa li pa gen kontwòl sou li. Chak fwa etidyan an montre ke li itilize talan li ak sajès, fè lwanj li.

Lwanj nou kapab baze twòp sou abilite e pa ase sou efò. Nou menm pwofesè, tankou mèt la nan parabòl la, dwe fè lwanj etidyan nou yo pou efò yo e pa pou abilite yo. Lè yon etidyan rekonpanse pou chanjman ki nan kontwòl li, lwanj sa a efikas. Li va wè ke lavi a vo efò a e va estimile pou kontinye.

Lwanj se pou direksyon, pa pou elevasyon. Etidyan devan nou yo bezwen direksyon nan lavi a, e lwanj se sèlman yonn nan anpil fason yon pwofesè kapab dirije etidyan li yo. Pwofesè kretyen an pa nan sal klas la sèlman pou anseye fè. Kretyen dwe antre nan sal klas la ak yon mesaj pou fè efè sou etidyan yo. Yo gen yon chemen yo vle etidyan yo pran nan lavi a, e pou dirije etidyan nan chemen sa a, yo va itilize fè, disiplin e lwanj ki sizonnen ak moralite.

Lwanj se yon flèch direksyonèl vèt. Ak lwanj, pwofesè a ankouraje etidyan ezite a pou mache ak konfyans nan mitan yon bwouya konsèp. Ak lwanj, pwofesè a rasire etidyan an ke l'ap reponn atant pwofesè a. Ak lwanj, pwofesè a reyafime konsekans: move aksyon pote lapenn e soufrans; obeyisans pote lajwa e benediksyon.

Men pou lwanj efikas nan estimile yon etidyan pou pran bon chemen an, pwofesè a dwe fikse direktiv klè; e lè etidyan an akonpli objektif yo, li ba li lwanj. Si etidyan an pa travay byen e pwofesè a bay lwanj, oubyen si

etidyan an fè bon travay e pwofesè a pa bay lwanj, etidyan fèb la pa estimile pou toujou bay pi bon travay. Li nan konfizyon tankou yon motosiklis san yon plan wout pou ba li direksyon.

Lwanj dwe toujou modere, paske yon etidyan pa dwe “mete nan tèt li li plis pase sa li ye.” Lwanj dwe onèt—si li merite, bay li; si li pa merite, pa bay li. Lwanj dwe toujou fèt nan bi pou byen dirije lavi timoun nan; si lwanj vante tèt etidyan an, pwofesè a fè erè nan mal dirije etidyan an.

Nan rezime, lwanj nesèsè pou ankouraje etidyan k'ap lite. Lwanj nesèsè pou asire etidyan timid e ezite a. Lwanj nesèsè pou konfime apwobasyon. Lwanj pa dwe janm refize lè lwanj nesèsè. Etidyan nou yo vle konnen e bezwen konnen direksyon pou yo pran nan lavi a. Dirije yo ak lwanj; men sonje, lwanj initil e estravagan pa kalite lwanj ki ankouraje bagay ki dwat devan Bondye.

Jan nou menm pwofesè bay lwanj nan sal klas la dwe toujou reflekte jan Bondye gen relasyon ak pèp Li. Nou menm kòm otorite nan lavi etidyan yo vle mennen yo nan direksyon yon relasyon ak yon pi gran Otorite nan lavi a. Jezi te bay ilistrasyon sèvitè initil la nan Lik 17:7-10 pou montre ke anpil nan lavi a se yon kòmandman—anpil nan lavi a se devwa nou pou sèvi. E devwa pa kapab espere lwanj.

Pi gran lwanj ke Bondye janm bay sèvite Li yo dwe reyalize pa mwayen lafwa—senp konesans ke Bondye pran plezi nan sa. Rekonpans sa a va estimile nenpòt moun pou li lite pou fè pi byen li kapab. Ak sa nan lespri yo, pwofesè kretyen va fè lwanj etidyan yo.

“Senyè, ban mwen sajès pou m' di bon pawòl pou m' montre etidyan mwen yo chemen yo bezwen pran an.”

Tokyo

Timothy Burkholder

Tokyo, ak tout zòn anviwon li, se pi gwo vil nan lemond. Li genyen yon popilasyon ki anviwon 28 milyon moun (lane 2001). Tokyo se kapital peyi Japon, e se li ki pi enpòtan pami tout lòt vil peyi a. Se yonn nan vil yo ki gen plis moun nan lemond, nan yon peyi ki tou pami peyi ki gen plis moun. Vil Tokyo gen 22 pousan tout popilasyon peyi Japon an.

Tokyo te kòmanse bati nan lane 1457, lè yon gèye pisan te bati premye chato li la. Li te vin kapital Japon nan lane 1868. Tokyo te kraze pandan de (2) fwa : premyèman lè yon tranblemanntè te pase nan lane 1923, ki te touye 120,000 moun e kraze pi gran pati santral vil la, e nan lane 1940, pandan Dezyèm Gè Mondyal la, lè avyon te kraze anviwon yon tyè nan vil la e plizyè santèn milye moun te mouri. Vil la te kòmanse regrandi rapidman apre gè a. Soti 1945 rive 1960, popilasyon vil la te ogmante 3 fwa kantite moun li te gen anvan.

Tokyo sitiye nan Bè Tokyo, sou kote lès lil Honshu. Latitid li konparab ak latitid Sann Fransisko. Latitid vil la ansanm ak pozisyon li pre dlo a ba li yon klima modere. Tanperati a nan mwa Janvyè rive nan mwayèn 4 degre Santigrad, e tanperati a nan mwa Jiyè rive nan mwayèn 24 degre Santigrad. Li resevwa apeprè 58 pous lapli chak lane.

Vil Tokyo chita sèlman sou 80 pye pi wo nivo lamè, e kèk kote nan vil la chita pi ba nivo dlo a. Anpil nan pati lwen lès vil la te bati sou ranblè ki te yon pati nan Bè Tokyo a. Yon pati nan tè sa a toujou rete pi ba nivo lamè a, e l' ap desann yon ti kras chak lane amezi faktori yo itilize dlo tè a. Ranblè yo ap plonje tou, e inondasyon se yon gwo danje.

Paske gen anviwon 36,000 moun pou chak kilomèt kare, pri kay Tokyo pami sa ki pi chè nan lemond. Kantite popilasyon an se pa sèl pwoblèm nan. Malgre faktori machin Japon yo mete anpil anfas sou ti machin piti ki pa boule anpil gaz, Tokyo gen pwoblèm sikilasyon machin ki trè difisil ki mache ansanm ak pwoblèm popilasyon an. Pou konbat pwoblèm sikilasyon an, yo gen yon sistèm transpòtasyon piblik ki trè konplike, yo gen tren ki mache ak gran vitès ki ka rive yon

distan 300 kilomèt nan inèdtan pou konekte Tokyo ak lòt vil yo. Sistèm tren an pote prèske 10 milyon moun chak jou. Nan lè blokis, anplwaye tren an ke yo rele oshiya (ki vle di pouse) travay nan gran estasyon tren yo. Travay yo fè, se pouse e anpile moun nan tren chaje yo pou fè plis plas e pou asire ke pòt tren yo kapab fèmen.

Nan kòmansman lane 1600 yo, Japon te yon peyi « fèmen », yo pa t' kite vizitè antre e yo pa t' dakò pou sitwayen yo kite peyi a. Yo te sèlman dakò pou kite kèk komès fèt ak peyi Lachin e Laolann. Men nan lane 1853 yon ofisye Etazini, Matye C. Peri, te antre nan Bè Tokyo ak kado – e kat bato gè. Li te tounen ankò ak plis bato nan lane 1854, e Japon te vin dakò pou fè komès ak peyi Lwès yo.

Ekonomi vil la se sitou pwodwi faktori, finans, komès domestik e komès entènasyonal. Katrevendisnèf pousan popilasyon an se Japonè, e yo gen chintoyis e boudis kòm relijyon prensipal yo. Gen mwens pase 2 pousan nan popilasyon an ki kretyen. Anpil nan moun ki rete Tokyo yo pran plezi nan nouriti tradisyonèl Japonè e abiman tradisyonèl e jou konje tradisyonèl pou yo obsève.

Vil Tokyo gen anpil lòt bagay enteresan pou moun wè pase anpil bilding wo yo sèlman, tankou lari ki gen anpil aktivite, bilding estravagan, yon estad ki ka kenbe 72,000 moun, e li gen plis ansèy neyon pase tout lòt peyi nan lemond. Bilding ki pi wo a aktyèlman gen 1,092 pye wotè. Gen anpil anpil bilding kiltirèl e istorik nan vil la, tankou Palè Anperè a, lye adorasyon chintoyis yo, tanp (plas boudis yo adore), mize, bibliyotèk, e tonm premye chèf Japonè yo. Anplis sa, vil la gen anpil bèl plas e jaden ki atire vizitè.

Enfliyans Lwès vin klè nan dènye syèk la. Pifò abiman, amizman, edikasyon, e pwoblèm sosyal reflete sivilizasyon Lwès. Si ou gen yon chans vizite Japon, pare ou pou temwaye pou Kris, pote anpil bwochi Levanjil ak ou, e mache ak kèk yenn ki se lajan Japonè.

Atik sa a soti nan *The Christian School Builder*, Oct. 2008

Rod and Staff Publishers, Inc.

Itilize avèk pèmisyon